

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa salah sahiji alat pikeun komunikasi manusa. Ku ayana basa, manusa bisa ngayakeun interaksi jeung manusa séjénna. Tegesna, basa téh digunakeun pikeun nepikeun eusi pikiran, ide-ide, rasa, kahayang jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian. Ari basa téh nya éta sistem lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép-seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antara anggota masarakat pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2003:1).

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daérah kadua panggeudéna di Indonesia sabada basa Jawa. Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daérah anu masih dipiara tur dipaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén “Di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hadé-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Madura, jeung sajabana)”. Bukti lian dipiarana basa Sunda ku pamaréntah nya éta kaluarna Perda Provinsi Jawa Barat Nomor 5 Taun 2003 perkara *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah serta Petunjuk Pelaksanaannya*.

Dina kalungguhanana jadi basa daérah, saperti nu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jatidiri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim Éd, 1980 dina Sudaryat 2007:2).

Disawang tina adeganana, élmu basa sacara gurat badag bisa dibagi tilu bagian, nya éta tata sora (fonologi), tata basa (gramatik), jeung tata harti (semantik). Tata sora maluruh perkara sora-sora basa anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa; tata basa dibagi jadi dua bagian nya éta tata wangun kecap (morfologi) maluruh morfém dina prosésna ngawangun kecap, jeung tata kalimah (sintaksis) maluruh adegan frasa, klausa, jeung kalimah; sarta tata harti (semantik) maluruh perkara harti-harti anu aya dina basa.

Minangka bagian tina élmu basa, morfologi téh maluruh jeung medar morfém katut kecap. Sudaryat (1985:38) nétélakeun yén morfologi téh nya éta bagian tina tata basa anu maluruh jeung medar morfém katut prosésna dina ngawangun kecap sarta pangaruhna kana robahna warna kecap jeung harti kecap. Morfologi maluruh jeung medar morfem katut kecap. Dina morfologi aya anu disebut warna kecap. Sudaryat (1985:65) ngabagi warna kecap nya éta kecap lulugu jeung kecap pancén. Kecap lulugu ngawengku kecap barang (nomina), kecap pagawéan (verba), kecap sifat (ajektiva), jeung kecap bilangan (numera).

Kecap pancén ngawengku kecap panambah (adverba), kecap pangantét (preposisi), kecap panyambung (konjungsi), jeung kecap panyeluk (interjeksi).

Dina kecap pagawéan ngandung ma'na inhéren nya éta ma'na nu némpel atawa nu aya dina kecap pagawéan. Panalungtikan ngeunaan ma'na inhéren kacida pentingna nya éta pikeun nambahan pangaweruh élmu kabasaan pikeun masarakat sarta bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran di SMP. Anapon ruang lingkup pangajaran basa Sunda nya éta: (1) pangaweruh ngeunaan katatabasaan jeung kasastraan, (2) kamampuh nyangkem basa jeung sastra Sunda, jeung (3) kaparigelan maké basa jeung sastra Sunda, sedengkeun komponén pangaweruh kabasaan jeung kasastraan di antarana: lafal jeung éjaan (fonologi jeung morfologi), tata kalimah (sintaksis), sarta pilihan kecap jeung ma'na (leksikologi jeung semantik). Tujuan pangajaran basa Sunda nya éta sangkan parasiswa mibanda pangaweruh ngeunaan basa Sunda, mibanda kamahéran maké basa Sunda, jeung mibanda sikep nu hadé kana basa Sunda.

Ma'na inhéren kecap pagawéan dijadikeun bahan pangajaran di sakola-sakola, ieu mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé basa Sunda. Pangajaran ma'na inhéren kecap pagawéan dina kurikulum nu digunakeun ayeuna (KTSP) mémang teu nyampak sacara langsung tapi diselapkeun dina runtuyan indikator nu aya dina kompetensi dasar. Aspék kaparigelan basa nu dipaké dina ma'na inhéren kecap pagawéan nya éta aspék nulis ari kompetensi dasar anu dipaké dina pangajaran ma'na inhéren kecap pagawéan nya éta nulis pangalaman nu ditepikeun ka murid SMP kelas VII.

Saenyana mah panalungtikan ngeunaan kabasaan nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran geus réa anu nalungtik. Panalungtikan patali jeung kecap pagawéan nu kungsi dilaksanakeun, di antarana baé: “Kecap Pagawéan Rajekan dina Kumpulan Carpon *Nu Baralik Manggung* karangan Nano S (Irawan, 2005)”, “Kecap Pagawéan Rundayan dina Novel *Babalik Pikir* Karangan Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP (Firdaus, 2009)”, “Kecap Pagawean Pasif dina Novel *Kolebat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* karangan Tatang Sumarsono (Permanasari, 2007)”, “Kecap Pagawean Rundayan dina Novel *Pangeran Kornel* karangan Memed Sastrahadiprawira pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP (Rika, 2003)”.

Dina éta panalungtikan geus disabit-sabit ngeunaan kecap pagawéan. Tapi, ari panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan tina segi ma’na inhéren dina karangan pangalaman siswa can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Ma’na Inhéren Kecap Pagawéan Basa Sunda dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011 katut Bahan Pangajaranana” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Pedaran ngeunaan kecap pagawéan téh kacida legana nya éta ngeunaan wangun, wanda, fungsi, jeung harti. Ku kituna, ieu panalungtikan téh diwatesanan lantaran kasengker ku waktu jeung waragad. Masalah dina ieu panalungtikan dipuserkeun medar perkara ma’na inhéren jeung wanda kecap pagawéan basa

Sunda anu aya dina karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011 katut bahan pangajaranana.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Éta masalah téh dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Wanda kecap pagawéan naon waé anu kapanggih dina karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011?
- 2) Kumaha ma'an inhéren kecap pagawéan dina éta karangan pangalaman siswa kelas VI-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011?
- 3) Kumaha ma'na inhéren kecap pagawéan lamun dijadikeun bahan pangajaran di SMP?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Saluyu jeung kasang tukang panalungtikan katut rumusan masalah anu geus dipedar di luhur, sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun meunangkeun gambaran ma'na inhéren kecap pagawéan dina karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011 katut bahan pangajaranana.

### 1.3.1 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) wanda kecap pagawéan anu kapanggih dina karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011;
- 2) ma'na inhéren kecap pagawéan dina éta karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011; jeung
- 3) bahan pangajaran ma'na inhéren kecap pagawéan pikeun siswa SMP.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan dina karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011 téh miboga sawatara mangpaat, boh nu sipatna tioritis boh praktis. tina segi tioritis, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan ma'na inhéren katut tiorina patali jeung kagiatan pangajaran di SMP.

Tina segi praktis, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun di antarana waé saperti ieu di handap:

- 1) pikeun siswa, bisa nyaho kana ma'na inhéren kecap pagawéan;
- 2) pikeun kabutuh umum, sangkan masarakat nyaho kana ma'na inhéren kecap pagawéan; jeung
- 3) pikeun guru basa Sunda, bisa dijadikeun acuan dina milih bahan pangajaran.



## 1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salah sahiji bebeneran, tiori, atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus teu dipasualkeun deui bener-salahna sarta dina prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui (Suyatna, 1994:3). Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kecap pagawéan téh bisa ditalungtik tina jihat ma'na inhéren jeung wandana;
- 2) kecap pagawéan kaasup kana kecap lulugu;
- 3) kecap pagawéan ngandung ma'na bawaan (inhéren).

## 1.6 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

### 1.6.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dumasar kana tujuan anu hayang dihontal, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Alesan ngagunakeun méthode déskriptif, lantaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta hayang ngadéskripsikeun ngeunaan wanda kecap pagawéan anu kapanggih dina karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011, ma'an inhéren kecap pagawéan dina éta karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011, jeung ma'na inhéren kecap pagawéan lamun dijadikeun bahan pangajaran di SMP.

### 1.6.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokuméntasi, analisis téks, jeung téhnik tés. Hal ieu dilantarankeun data panalungtikan téh mangrupa data anu tinulis, nya éta karangan pangalaman siswa SMP Pasundan 3 Bandung kelas VII-A taun ajaran 2010/2011. Ari téhnik tés dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011.

### 1.7 Wangenan Istilah

Wangenan istilah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ma'na inhéren nya éta ma'na bawaan anu dikandung ku kecap.
- 2) kecap nya éta bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngandung harti anu tangtu.
- 3) kecap pagawéan nya éta kecap anu nuduhkeun kalakuan, paripolah, pagawéan jalma jeung mahluk séjénna.
- 4) karangan pangalaman dina ieu panalungtikan nya éta karangan anu dijieun ku siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011.
- 5) bahan pangajaran nya éta bahan anu dibikeun ka siswa dina waktu lumangsungna prosés diajar-ngajar. Pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

### 1.8 Raraga Nulis

Eusi ieu skripsi téh aya lima bab. Dina Bab I dipedar kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat



panalungtikan, anggapan dasar, métode jeung téhnik panalungtikan, wangenan istilah, jeung raraga nulis.

Dina Bab II dipedar wangenan kecap, wangun kecap, papasingan warna kecap basa Sunda, kecap pagawéan, wanda kecap pagawéan, ciri kecap pagawéan, ma'na inhéren kecap pagawéan, ngararancang bahan pangajaran kecap pagawéan basa Sunda, tujuan pangajaran, bahan pangajaran anu ngawengku wangenan bahan pangajaran, kritéria nangtukeun bahan pangajaran, stratégi nyusun bahan pangajaran, jeung bahan pangajaran kecap pagawéan dina kurikulum, métode jeung téhnik pangajaran, évaluasi pangajaran, rencana pangajaran anu ngawengku silabus jeung rencana pelaksanaan pembelajaran.

Dina Bab III desain panalungtikan, latar panalungtikan nu ngawengku lokasi panalungtikan, sumber data, jeung waktu panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

Dina Bab IV dipedar hasil analisis ma'na inhéren pikeun bahan pangajaran. Satuluyna, Bab V eusina kacindekkan jeung saran.